## IX. ХЫЗМЕТЛЕР

2020 жыл январь-июньда базар хызметлери ислеп шығарыўдың экономикалық хызмет түрлери бойынша көлеми 2877,5 млрд. сўмды қурады, соннан аўыллық жерлеринде 754,6 млрд. сўм ямаса улыўма көрсетилген хызметлер көлеминиң 26,2 процентин қурады. 2019 жыл январь-июньға салыстырғанда өсим пәти 102,0 процентти қурады.

**Январь-июнь айларында базар хызметлери ислеп шығарыўдың экономикалық хызмет түрлери бойынша қурамы**

| | *ҳәрекеттеги кәрханалар саны* | *млрд. сўм* | | *өсим пәти, %* | *үлеси, %* |
|---|---|---|---|---|---|
| | | *2020 ж.* | *2019 ж.* | | |
| **Жәми хызметлер** | **6134** | **2877,5** | **2600,4** | **102,0** | **100,0** |
| *соннан:хызмет түрлери бойынша:* | | | | | |
| байланыс ҳәм мәлимлеме хызмети | 94 | 179,9 | 165,6 | 107,3 | 6,2 |
| финанслық хызметлер | 94 | 602,2 | 452,5 | 130,1 | 20,9 |
| транспорт хызмети | 1930 | 718,5 | 695,9 | 97,3 | 25,0 |
| *соннан:* автотранспорт хызметлери | 1413 | 405,5 | 376,3 | 98,8 | 14,1 |
| жасаў ҳәм аўқатланыў хызметлери | 647 | 80,5 | 77,4 | 95,6 | 2,8 |
| саўда хызметлери | 1491 | 678,6 | 617,2 | 97,4 | 23,6 |
| көшпес мүлик пенен байланыслы болған хызметлер | 257 | 77,5 | 76,8 | 87,7 | 2,7 |

| | *ҳәрекеттеги кәрханалар саны* | *млрд. сўм* | | *өсим пәти, %* | *үлеси, %* |
|---|---|---|---|---|---|
| | | *2020 ж.* | *2019 ж.* | | |
| билимлендириў тараўындағы хызметлер | 452 | 158,0 | 116,5 | 114,7 | 5,5 |
| ден-саўлықты сақлаў тараўындағы хызметлер | 197 | 30,5 | 30,5 | 77,8 | 1,1 |
| ижара ҳәм прокат хызметлери | 55 | 57,5 | 57,7 | 86,5 | 2,0 |
| компьютерлерди ҳәм турмыслық товарларды оңлаў хызметлери | 124 | 78,1 | 78,6 | 88,5 | 2,7 |
| басқа жеке хызметлер | 60 | 101,3 | 98,6 | 91,6 | 3,5 |
| архитектура, инженерлик излениўлер, техникалық сынаўлар ҳәм анализ тараўындағы хызметлер | 79 | 39,5 | 57,3 | 59,8 | 1,4 |
| басқа түрдеги хызметлер | 654 | 75,4 | 75,8 | 87,0 | 2,6 |

Хызметлер қурамында ең үлкен үлес транспорт (жәми хызметлердиң 25,0 проценти) ҳәм саўда (23,6 %) хызметлерине туўры келди.

Сондай-ақ, финанслық хызметлер (130,1 процент), билимлендириў тараўындағы хызметлер (114,7 %) ҳәмде байланыс ҳәм мәлимлеме хызмети (107,3 процент) өсим пәти жоқары болды.

**2020 жыл январь-июнда экономикалық хызмет түрлери бойынша базар хызметлери ислеп шығарыў**




2020 жылдың январь-июнь айлары даўамында экономикалық хызмет түрлери бойынша көрсетилген хызметлер улыўма көлеминде транспорт хызметлери ең үлкен үлести ийелеген болып, 718,5 млрд. сўмды қураған, 2019 жылдың тийисли дәўирине (2019 жылда 695,9 млрд. сўм) салыстырғанда 97,3 процентти қурады, сондай-ақ, көрсетилген хызметлер көлеминде саўда хызметлери – 678,6 млрд. сўм (2019 жылда – 617,2 млрд. сўм), финанслық хызметлер – 602,2 млрд. сўм (2019 жылда - 452,5 млрд. сўм) ҳәм билимлендириў тараўындағы хызметлер - 158,0 млрд. сўм (2019 жылда –116,5 млрд. сўм) есабына туўры келди.